Ассаламу гIалайкум!

ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул
11 август
РУЗМАН
№ 34
(7469)
Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда
Багьа 4 гъурущ
12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Терроризмалде дандечIей

ТIинди тIобитIана АТКялъул иргадулаб данделъи

Сон ТIинди тIобитIана АнвархIажи Вечедовасул нухмалъиялда гъоркь террорaлде дандечIараб комиссиялъул иргадулаб данделъи.

Гьенир гIахьаллъана районалъул прокурор Ильяс Вакилов, ТIинди росдал актив, «Дагъистаналъул правда» газеталъул отделалъул нухмалъулев, журналист ГIабдурахIман МухIамадов.

Къокъабго цебераgIудалъун гьеб рагьана районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас.

Данделъиялъул халгьабиялде босараб гIадамал гIемер руссунел, гIумруялъе хIажатал бакIазда тIоцебесеб сентябралъул-Лъаялъул къоялъ гIадамазул гIумруялъе хIинкъи гьечIолъи букIинабизе гьаризе х1исабалде росарал тадбиразул хIакъалъулъ информация гьабуна МВДялъул районалда бугеб отделалъул нухмалъулев Элдар МухIамадовас.

Гьес къокъидго бицана районалда бугеб оперативияб ахIвал-хIалалъул, тIоцебесеб сентябралъул къоялъ районалъул школазда гIадлу-низам ва хIинкъи гьечIолъи букIинабиялда сверухъ гIуцIун руго хасал къокъабазул.

Гьеб суалалда тIасан жидерго пикраби загьир гьаруна райадминистрациялъул отделалъул специалист ТIагьир АхIмадовас, лъайкьеялъул районалъул управлениялъул нухмалъулев Муса Гьаруновас.

«Культура гьечIеб халкъ-халкъ гуро, гьеб ккола чидар кверзукь бугеб пешка. Нилъер букIине ккола культура. Гьеб букIине ккани, хIалтIизе ккола клубал ва библиотекал. Росдал бегавуласул ва имамасул букIизе ккола цадахъаб хIалтIи, имамас вагIзаби гьарун, халкъ бачине ккола битIараб нухде, клубалдагун библиотекаялда тIоритIулел культуриял тадбирaзде дандечIей бихьизабичIого. Гьев кIиясулго светиябгун рухIанияб хIалтIулъ букIине ккола цIайибащалъи (равновесие), гьеб мехалъ букIуна гьезул цохъизаналъул гIадинаб гъунки»,-ян абуна журналист ГIабдурахIман МухIамадовас.

Терроризмалъул идеологиялде данде гьабулеб хIалтIул бицана ТIинди росдал администрациялъул бетIер СаидхIусен МухIамадовас, районалъул культураялъул управлениялъул нухмалъулей ХIалимат АхIмадовалъ ва спорталъулгун гIолилазул ишазул районалъул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасировас.

Данделъиялъул ахиралда районалъул бетIерас бицана районалда терроризмалде дандечIун гьаризе кколел хIалтIабазул ва хадубккун районалъул социалиябгун экономикияб рахъ цебетIеялъе гьаризе кколел тадбиразул. Гьеб рахъалъ гьес аслияб кIвар кьуна гIадамазул культура ва лъай борхизабиялде, районалда туризм цебетIезабиялде ва гьелдасан пайда босизе гIадамал ругьун гьариялде.

«Росулъ школалъулгун мажгиталъул букIине ккола цадахъаб хIалтIи, малъизе ккола лъималазда росдал тарих, бахIарчиял умумузул ишал. Дагьал гьечIо тIиндадерил машгьурал гIадамал. Жакъасел лъималазда гьел лъачIони, метер гьел гIумрудул мекъияб нухде ккеялда хIинкъи буго.

Гьединлъидал цадахъ хIалтIизе ккола росдал школа, мажгит, клуб, библиотека, спортзал ва цогидалги жамгIиял гIуцIалаби»,-ян абуна данделъиялъул хIасил бачунаго АнвархIажи Вечедовас.

Газеталъул пресс-хъулухъ

Ю б и л е й

Сабигатил цIадухъе цIидасан дандруссана

Щуабилеб августалда МахIачхъалаялда Гъудуллъиялъул рокъоб тIобитIана магIарулазул шагIир Сабигат МухIамадовалъул творчество бокьулезул дандеруссин

…Кьурда тIегь бижулеб дир инсул росу… Инсул росдал гIорхъабиги рахун, риидалги цIер биунарел гуржиязул гIорхъода ругел мугIрузул тIогьибеги щун, Москваялъул чIухIарал кIалгIабазде щун гIей гьабичIого, чидар пачалихъазде щунги гIатIилъана Сабигатил поэзиялъул иццул чвахи.

Инсудасан ирсалъе щвараб батилин шагIирлъиян, жиндиего хасиятаб намусалда абула гьелъ творчествоялъул хIакъалъулъ бицунаго. Творчествоги гьелъул, инхокъварисезул диалекталда кIалъалей гIадан йигониги, чвахун бачIунеб авар ва гIурус мацIалда хъвараб, илагьияб рокьул гьуинлъиги, рухIалил бухIиги бихьараб, ватIаналде рокьи чорхолъ бессизабулеб, вагIзанасихIат гIадаб, цIалдолел жинца кантIизарулеб буго.

Августалъул багIари гIоларогойищха нилъ Сабигатил цIадухъе цIидасан руссарал? Гуро! ЦIумадисезул шигIраниял ракIаца кочIодехун цIайи бугелщинал данде руссинаруна иргадулаб нухалъги тахшагьаралда бугеб Гьудуллъиялъул рокъор. Гьеб букIана шагIиралъ 55 сон тIубай кIодо гьабиялъул хIурматалда тIобитIараб рохалилаб данделъи. Гьенир ракIарун рукIана цохIо цIумадисел гурелги, Сабигатил творчество бокьулел магIарулал ва цогидалги миллатазул вакилзаби.

«Сабигат МухIамадовалъул гIагараб ракьалъул берцинаб тIабигIатги, гьенир гIумру гьабулел гIадамазул гIумру гIатIидго ва гъваридго бихьизабураб творчествоялъ цо къадаралъ квербакъула ЦIумада район ва росу-ракь дагъистаниязда ва россиялъул халкъазда рагIизабизе ва лъазабизе. ГIадамалги, гьезул гIамал-гIадатги бичIчIизе квербакъулеб поэзиялъги прозаялъги кверккун рачуна нилъ нилъедаго ричIчIизе, нилъерго напсияб ва рухIияб рахъал лъазе, гъваридаб магIна гьорлъ бессарал шагIиралъул асараз дунял берцин гьабула, гьелдехун рокьи цIубазабула, ватIан бокьизе малъула»,-ян абуна Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул председатель МухIамад АхIмадовас шагIиралъе Александр Пушкинил цIаралда бугеб «РагIуе ва ишалъе ритIухълъиялъухъ» абураб меседил медаль кьолаго.

ГIемер хинал рагIаби абуна гьелъул хас гьабун ккураб жиндирго хатI бугеб, берцинаб хьвадачIвади гьабизе ва напс квегьизе-лъадаризе малъулеб, бегIераб къаламалъ хъвараб пасихIаб каламалъул, кици-биценазул мисалаз бечедаб творчествоялъул хIакъалъулъ районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас, Гъизляр районалъул депутатазул Собраниялъул председатель АхIмадпаша ГIамирилаевас, Цветковка росдал гимназиялъул директор ХIава Ражабовалъ, шагIиралъул эмен ГIусман МухIамадовас, рагIул устарзаби МухIамад ПатахIовас, АхIмад ГIамирхановас, СайгидахIмад АхIмаднабиевас, Аминат ГIабдурашидовалъ, Аминат ГIабдулманаповалъ, ГIайшат ГIисаевалъ, Умарагьи СалихIовалъ, ХъистIаман Султанбеговалъ, Дагъистаналъул художниказул союзалъул председатель КъурбангIали МухIамадовас, медицинаялъул гIелмабазул кандидат ГIали Абуязидовас, Теречное росдал школалъул директор Зумруд ГIумахановалъ.

Данделъиялда Сабигатил рагIабазда кочIохъабаз ахIана кучIдул.

...Квер бахъизе анищ гьал дир мугIрузда…Гьедин хъвана Сабигатица. Гьелдалъун ва цогидалги гьединалго берцинал хасиятал рагьарал кучIдуздалъун ватIаналдехун рокьи куцазе квербакъулел асарал хъвана гьелъ. Кинаб кечI цIаланиги, гьелъулъ щияй магIарулалъул рекIел асар загьирлъарал мухъал ратула.

Хасаб чIаголъи кьуна тадбиралъе дагьаб цебе Финляндиялда эркенаб гугариялъул рахъалъ гIолилазда гьоркьоб Дунялалъул чемпионаллъун рахъарал Хуштадаса ГIабдула АхIмадовасда ва КIванадаса Шамил Мусаевасда гьабураб дандчIваялъ.

ЦIумада район, цIумазул улка гуребги, спортсменазул ва шагIирзабазул, берцинаб каламалде рокьи бугел ва шигIрияб асаралъул магIна бичIчIулел гIадамазул ватIан букIин бихьулеб букIана гьеб сордоялъ тадбиралда гIахьаллъаразухъ балагьун.

Хадижат Залимханова

Гара-чIвари

Пачалихъиял хъулухъазул порталазда хъвай-хъвагIай гьаби

МФЦялда тIобитIана пачалихъиял хъулухъазул порталалда гражданазул хъвай-хъвагIай гьабиялъул суалалда сверухъ «гургинаб» стол

Районалда гIемеррахъазул центр рагьаралдаса нахъе гIемер бицана гьеб идараялъ гьарулел батIи-батIиял хъулухъазул ва пачалихъиял хъулухъазул порталалъул.

Райадминистрациялъул данделъабазда бицунебги гьебго хабар букIуна: пачалихъияб хъвай-хъвагIай ва хъулухъал гьари. Дагьаб цебеги цо данделъиялда жиндирго цевевахъиналда районалда бугеб МФЦялъул нухмалъулев АхIмад ГIамировас бицана жидер идараялъе пачалихъиял хъулухъазул порталалда гражданазул хъвай-хъвагIай гьабизе кьураб тIадкъаялъул ва гьениб хъвай-хъвагIай гьабуразе ругел бигьалъабазул.

КигIанго такрарлъаниги, пикру ккана МФЦялъул, халкъ социалияб рахъалъ цIуниялъул управлениялъул ва халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб Централъул нухмалъулелги данде ракIарун, гьеб суалалда сверухъ «гургинаб стол» тIобитIизе ва гьеб суал дагьабги гIатIид гьабун рагьизе.

-Дица пачалихъиял хъулухъал порталалда хъвай-хъвагIай гьабуна 2013 соналдаго ва гьелъул кумекалдалъун босана къватIисел пачалихъазде ине изну кьолеб паспорт. Дида гьелъул бигьалъаби ричIчIула, амма камулел гьечIо гьеб бичIчIуларелги, Интернетни щиб, мобилнияб бухьенцин гьечIин жидехъ, жидее щибизе гьеб хъвай-хъваян абулелги. Дидаго гьикъаразда дицаги лъавухъе бицуна бугеб бигьалъи-ресалъул, бокьилаан жакъа нужецаги бицине гьелъул хIакъалъулъ дагьаб гIатIидго ва тарихаздалъун.

АхIмад ГIамиров, районалда бугеб МФЦялъул нухмалъулев: Пачалихъиял хъулухъазул порталалда гражданазул хъвай-хъвагIай гьаби ккола 2012 соналъул 7 маялда бахъараб РФялъул президентасул Указ (№601) гIумруялде бахъинабиялда хурхун Дагъистаналъул ХIукуматалъул Председателасул тIадкъаял тIуразари, ва апрель моцIалдасан бахъараб жакъа къоялде щвезегIан нижеца хъвай-хъвагIай гьабун буго кIиазаралда микьнусгоясде гIунтIун чиясул. ЛъагIалил ахиралде гьеб тарих щвезе ккола анлъго-анкьгоазарго чиясде. Жакъа районалъул гIадамазда бичIчIизе бокьун буго гьелъул жидеего кIвар цIикIкIараб букIин ва гьенисан гьарулел хъулухъалги лъеберго проценталъ учуз чIолеблъи. Нижее тIадкъай кьураб апрель моцIалдаса нахъе росабалъе хьвадунги, нижехъе рачIаразул хъвай-хъвагIай гьабунги бахараб буго доб тарих гьеб къадаралде. Гьанже нижеца Интернет бухьен бугел росабалъ администрациязда хасаб программаги лъун, бегавулзабаздагун гьезул заместителазда малъулеб буго гьелда рекъон хIалтIулеб къагIида. Росабазул нухмалъулезда тIадаб буго жамагIаталда бичIчIизабизе кинаб хъулухъ гьез тIубазе кканиги, гьел чагIи тира-сверун, кIудиял горал сапаразулги гьарун, нахъойги МФЦялде рачIине кколеблъи «Госуслуги» порталалда хъвай-хъвагIай гьабизе. Гьеб лъазе лъикI буго анцIила ункъо сон тIубарал гIолилаздаса байбихьун, киназдаго. Интернет-бухьен дагьабниги хIалтIизабизе лъалев чияс жинцагоги гьабизе бегьула гьениб хъвай-хъвагIай. ХIажалъула гIицIго пенсионнияб фондалдасан кьураб СНИЛС, паспорт ва телефоналъул номер. Паспорталъул хважаинасул гьавураб къо-моцI хъвараб пароль бачIуна гьесул телефоналъул номералде ва хадубккун гьеб жиндие бокьухъе хисизабизе ресги буго хважаинасул.

Цо мисалалдалъун бичIчIизабила халкъалъе гьелъул бугеб бигьалъи. Анкьалги хвезарула гIадамаз пуланав тохтурасухъе ине иргаялда чIун МахIачхъалаялда. Масала, гьав Заурица интернеталдасан балагьана пуланав тохтур МухIамад АхIмадовасул хIалтIул график ва эркенаб заман бугеб бакIалда хъвана живго электроннияб очередалде. Законалда рекъон, тохтур МухIамадил ихтияр гьечIо анцIго чиясул очередь гьениб бугониги, бихьизабураб гьадаб заманалда Заур къабул гьавичIого. Тохтурги вугелъул порталалда хъвай-хъвагIай гьабурав ва гьесда хадуб халккун буго киназго.

Завурбег ЖахIпаров, халкъ социалияб рахъалъ цIуниялъул управлениялъул нухмалъулесул ишал тIуралев:

-Нижееги буго халкъ социалияб рахъалъ цIуниялъул министерствоялъ кьураб тIадкъай азаралда лъабнусго чиясул пачалихъиял хъулухъазул порталалда хъвай-хъвагIай гьабизе. Жакъа къоялде нижеца хъвай-хъвагIай гьабун буго кIинусиялда кIикъоялда анцIго чиясул. Нижехъе жидерго хъулухъалъ рачIаразда нижеца бичIчIизабула гьаб къваригIелалъгицин гьел нижехъе рачIинчIого рукIиналъе гьабулеб иш бугин гьебан. Масала, кIигоги лъабгоги сапар гьабизе кколеб буго росабалъан гIадамаз харжалги гьарун, пенсия-пособиялъул документал жанире кьолаго гьаб камун, доб камунилан. Хъвай-хъвагIайги гьабуна, жидее гьаб хъулухъ бокьун бугин абун, порталалъ бихьизабураб сияхIалдаса жидерго мурадги бихьизабун, балагьула рагIараб бахъунеб бугищали жидер хъулухъан. Гьеб тIубараб мехалъ ахIула жидерго документал росизе, масала, инвалидлъи чIезабиялъул «багIараб» кагътида хадур.

Марзигат МухIамадова, халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб Централъул нухмалъулей: гьаб соналъул анцIабилеб июлалдаса нахъе нижер идараялъги гьабун буго лъабкъого чиясул хъвай-хъвагIай. ТIадкъай кьун буго анлънусго чиясул гьабизе. Нижер идараялъул социалиял хIалтIухъабазул «къайимлъиялда» ругел хералгун гIажизазул ва инвалидазул баяналги росун, гьарула нижеца хъвай-хъвагIаял. Жидерго ишаз гьединазухъе щварал нижер хIалтIухъабаз бичIчIизабула харабазда ва инвалидазда гьелъул бугеб кIваралъул ва ругел санагIалъабазул. Масала, малъула лъимер лъималазул ахикь, школалде кьеялъе, жидерго хIажалъи ккани, тохтурасухъе ине иргаялда лъезе, токалъухъ, газалъухъ яги гIакIаде къотIарал гIарцал кьезе, риларал яги цIиял документал росизе, мина-ракьалъул бетIергьанлъиялъе хъвай-хъвагIай гьабизе. ХIажалъи ккани, гьезул хъулухъалги тIурала порталалдасан…

…ЩIияб замана, цIиял тIалабал. Щибаб идараялде рекерахъдун, я ирга щвечIого, я хъулухъ тIубачIого гIадамал нахъе руссуна жакъаги гIадамал. Амма пачалихъиял хъулухъазул порталалъул кумекалдалъун, гьениб хъвай-хъвагIайги чIобого букIуна, гьарулел хъулухъазул пачалихъияб кумурук (пошлина) лъеберго проценталъ учуз чIола. Рокьорго гIодорги чIун тIуралел хъулухъазул лъикIлъи гуреб, дидаго бихьичIо. Бокьилаан районоялги гьеб суалалде гьелъул бугеб кIварги, хайирги, бигьалъиги бичIчIун, балагьизе. Пачалихъияб хъулухъалъул порталалда хъвай-хъвагIаял гьабиялъул къадар жеги дагь букIиналъе гIиллалъун МФЦялде гIадамазул божилъи гьечIолъиги, гьединаб къагIидаялда баянал росиялъул пайда халкъалда бичIчIунгутIиги ккола.

Хадижат Залимханова

Аэропорталда дандчIвай

Дагъаб цебе гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ дунялалъул чемпионлъун рахъарал цIумадиселгун МахIачхъалаялъул аэропорталда дандчIвана районалъул делегация ва спорт бокьулел.

Финландиялъул Тампер шагьаралда гIолилазда гьоркьоб тIобитIараб эркенаб гугариялъул рахъалъ дунялалъул чемпионаталда меседил медалалги росун цIумадисезул цIар жеги нухалъ борхатго ккурал ГIабдула АхIмадовгун ва Шамил Мусаевгун дандчIвай гьабуна ункъабилеб июлалда рогьалил хъахIлъи балеб гIужалда МахIачхъалаялъул аэропорталда рикIкIен гIемерал районцояз ва эркенаб гугари бокьулел дагъистанияз. Гьезда гьоркьор рукIана районалъул бетIер АнвархIажи Вечедов, машгьурав тренер, Хасавюрт шагьаралъул спортивияб школалъул нухмалъулев МухIамад ХIусенов, Хуштада ва КIванада росабазул администрациябазул бутIрул Асадула ИсмагIилов ва ХIадис Хизриев.

«Баркула ГIабдулада ва Шамилида меседил медалал щвей. Гьеб ккола гьезул ва тренеразул цадахъаб хIалтIул хIасил. Исанасеб сон цIумадисезе эркенаб гугариялъул рахъалъ бачIиналъул сон бугин абизе бегьула. Март моцIалда Стамбулалда халкъазда гьоркьосеб турниралда ва июналда Ингушетиялда Россиялъул чемпионлъун вахъана МухIамадхIабиб КъадимухIамадов, ГIали ГIалиев ракIалде щвеялъул халкъазда гьоркьосеб турниралда чемпионаллъун рахъана Абакар ГIабасхIажиев ва МухIамад Хизриев, апрель моцIалда Владикавказалда гIолилазда гьоркьор Россиялъул чемпионаллъун рахъарал ГIабдула АхIмадовасда ва Шамил Мусаевасда нижер божи букIана гьеб дунялалъул чемпионаллъунги рахъилин абун. Гьале гьез нилъер божилъи ритIухъ гьабуна ва рахъана дунялалъул чемпионаллъун. РакIалде ккола нилъер гIолохъанав гугарухъан МухIамадхIабибиеги рес щвелин кватIичIого Парижалда тIобитIизесеб дунялалъул чемпионаталда гIахьаллъизе ва гьенив чемпионлъун вахъине.

Сахлъи, рохел ва икъбал нужее, цIумадисезул гугарухъаби! Нужеца борхатго кколеб буго районалъул ва Дагъистаналъул цIар»,-ян абуна жиндирго цевевахъиналда АнвархIажи Вечедовас.

Данделъиялда баркиялъулал кIалъаял гьаруна Хуштада росдал администрациялъул бетIер Асадула ИсмагIиловас ва МахIачхъала шагьаралъул спортшколалъул нухмалъулев СаидахIмад МухIамадовас. Гьез баркала загьир гьабуна ГIабдула АхIмадов ва МухIамадхIабиб КъадимухIамадов куцаялъухъ гьезул тренер ХIасан ГIабдулбасировасе.

ТIалхIат ГIабдулбасиров

Районалъул газеталъ 80 сон тIубаялде

1966 соналъ райгазеталъул гьурмаздасан росарал цо-цо макъалаби

2 КОЛХОЗЧИ

«КОЛХОЗЧИ» Сасикь ва Къеди росабалъ гьоболлъухъ

ГIуцIараб къагIидаялда

17 октябралда Къеди росдал Энгельсил цIаралда бугеб колхозалъул парторганизациялда цебе гIуцIун бугеб байбихьул политшколалда тIоцебесеб занятия тIобитIана.

Гьеб политшколалъул пропагандист гьал. Н. ХIайбулаевас цебеккунго лъикIаб хIадурлъиги гьабун „Коммунизмалъул материалиябгун техникияб база гIуцIиялъул хIакъалъулъ" абураб темаялда тIасан тIоцебесеб занятия гIуцIараб къагIидаялда тIобитIана ва цIалуде гIахьаллъизе кколезул занятиялда рачIинги лъикI букIана.

Гьединго гIуцIараб къагIидаялда тIобитIана Сасикь росдал байбихьул политшколалда тIоцебесеб занятия пропагандист ГI-Б. Пахруевас ва комсомолазулгун гIолилазул политкружокалда пропагандист В. С. Кострикиналъ.

С. ХIайбулаев.
М. ХIажиев.

Разиго подписка гьабуна

Сасикь росдал 92 сон барав, пенсионер ГIабдулкарим ЧIегIеровас разиго подписка гьабуна 1967 соналъе „БагIараб байрахъ", „Колхозчи" газетазе ва „МагIарулай" журналалъе. Гьединго 3 газеталъе, цо журналалъе подписка гьабуна 69 сон барав, пенсионер Башир Зубаировас ва 2 газеталъегун цо журналалъе подписка гьабуна Казиба ХIамзатовалъ.

1967 соналъе газетазегун журналазе подписка гьабиялъулъ батIаго мисал бихьизабуна ГI-Б. Пахруевас. Гьес цIияб соналъе газетазегун журналазе 32 гъурушие подписка гьабуна.

М. ХIажиев,
парторганизациялъул секретарь.

Рахь цIикIинабиялъе гIоло

Къеди росдал Энгельсил цIаралда бугеб колхозалъул гIачиязул фермаялъул хIалтIухъабаз, доярказ цо-цазда гьоркьоб социалистиял къецалги гIуцIун, къойилаб къеркьей гьабулеб буго гIачи кьараго хьихьиялъе, гьезие лъикIаб хъулухъ гьабун гIачияздаса бечIчIулеб рахь цIикIинабиялъе гIоло ва ками кезе течIого щибаб гIакдада хадуб тIуранго бачал цIунизе.

Щибаб гIакдадаса лъагIалида жаниб 850 килограмм рахьдал бечIчIизе тIаде боси гьабун букIун батани, 1 октябралде ругел баяназда рекъон ками ккезе течIого бачалги цIунун щибаб гIакдадаса 830 килограмм рахьдал бечIчIун буго доярка П. Аслудиновалъ ва гьединго доярка П. ГIадулхаликъовалъ 798 килограмм рахдал бечIчIана щибаб гIакдадаса.

С. ХIайбулаев.

Къеди школалда

Къеди росдал школалъул 7 ва 8 классазул цIалдохъабаз жигараб хIалтIи гьабуна школалъул хIалбихьиялъул участкаялда хьан букIараб капуста гIезабиялъе. Гьез 0,03 гектаралдаса 560 килограмм лъикIаб капуста бакIарана.

Капуста гIезабиялъулъ ва гьеб бакIариялъулъ мисал бихьизабуна цIалдохъаби Ж. ГъазимухIамадовалъ, ГI. ГIубайдулаевас, М-Д. Герай МухIамадовас.

Гьединго школалъул цIалдохъабаз гIагараб росдал край лъазабиялъе походал гьарула ва гьелдалъун географиялъул дарсал лъаялъе цIалдохъабазе лъикIаб кумекги щолеб буго.

М-ТI. ШугIайбов,
учитель.

ХIАЛТIУЛЪ ЖИГАРАЛ

Гьал къоязда Энгельсил цIаралда бугеб колхозалъул исана бекьун букIараб картошка бахъизе байбихьана. Картошка бахъизе байбихьараб тIоцебесеб къоялъго 3,5 тона картошка дул бачIиналъул бакIарана.

Гьеб хIалтIулъ къол норма 110-125 проценталъ тIубазабун лъикIаб жигаралда хIалтIана колхозручаби Б. ГIумарова, Ш. Сиражудинова, К. ГIумарова ва цогидалги.

Картошка бахъи жеги гьоркьоса къотIичIого унеб буго.

ГI. ГIабасов,
колхозалъул председатель.

30-40 литралъ цIикIун

„Рекъел" колхозалъул гIачиязул дояркаби А. Гьарунова, Р. СагIадуева жигаралда хIалтIулел руго гIачияздаса бечIчIулеб рахь цIикIинабиялъе, гIачиязул тIалаб гьаби ва гьел хьихьи лъикI гIуцIиялъе. Гьелъул хIасилалда гьезул шиялъ 12 гIакдада хадуб кками ккезе течIого бачалги цIунун, планалда бихьизабуралдаса щибаб гIакдадаса 30-40 литралъ цIикIун рахь бечIчIун буго.

С-А. ХIажиев.

Анкьалъ хIалтIани ичIгоялъ чIола

Гьеле, гьединха нижер Къеди росолъ радиоги, телефонги анкьалъ хIалтIани, ичIго къоялъ хIалтIичIого чIола ва цо-цо мехалъин абуни кигIан гIей цун гIенеканиги, камилго бичIичIого чIалгIун квер хьвагIун тезе ккола. Гьединаб го хIал букIуна Сасикь ва цогидалги росабалъ.

Гьединаб хIалалъул хIакъалъулъ цо чамго нухалъ гIарзадана ниж районалъул бухьеналъул узелалда ва радиоялъулги телефоналъулги хIалтIул жаваб къезе кколев Къ-М. СагIидовасда, амма кигIан дагьабниги хиси кколеб гьечIо.

ХIажат буго ЦIумадагIурухъан эхеде ругел росабалъ радиоги телефонги лъикI хIалтIизабиялъе кколел органаз хехал тадбирал гьаризе.

А. ГIабасов

Нух къокълъана, заман тIокIлъана

РайоналъулзахIматчагIазул гIемерал соназул аниш лъун букIана нилъер районалдаги самолет хьвадизе бокьиялъул.

Гьанже гьеб аниш тIубана. Гьаб соналъул 30 июналдасаго нахъе байбихьана щибаб къоялъ МахIачхъалаялдаса нилъер районалде самолет хьвадизе. Гьеб самолет МахIачхъала ялдаса боржунеб буго радал 6 сагIатги 45 минут буге мехалда ва 50 минуталъ боржун Хуштадерил аэродромалдаги щун 5—10 минуталдасаго, яги радал сагIат 8 ялдаго самолет Хуштадасан МахIачхъалаял дехун боржун унеб буго. Билеталъул багьа 6 гъуруш буго.

Гьедин самолет нилъер районалдаги хьвадизе байбихьиялдаса разилъун районалъул захIматчагIаз Коммунист партиялъе ва Совет хIукуматалъе баркала кього буго.

М. Абакаров,
учитель.

КIванадаса СагIит - Дагъистаналъул мустахIикъав артист

Гьаб соналъул 26 апрелалда Дагъистаналъул БетIер Рамазан ГIабдулатIиповас гъулбасараб №88 хIукмуялда рекьон, «Дагъистаналъул мустахIикъав артист» абураб тIадегIанаб цIар кьуна гIумруго кечI-бакъаналъе, искусствоялъе кьурав КIванадаса СагIид МухIамадовасе.

Махщел, гьунар, хасго кечI-бакъаналъул рахъалъ, инсанасе кьола дуниялалъул берцинлъи бихьизе ва бичIчIизе.

ХIурматияв СагIит! Дур творческияб нух буго авар классикаязул кьочIода гIуцIараб, гьеб халкъалде щвезабиялда бухьараб, кечI-бакъан бокьулезул цохIо МахIмудилгун ЧIанкIал гуребги, Этил ГIалилги, ГIанхил Маринилги, ГIумарил Батырайилгун Йирчи Гъазахъилги, ЦIадаса ХIамзатилгун Инхоса ГIалихIажиясул творчествоялъулгун лъай-хъвай гьабулеб. Гьеб ккола дуе бетIергьанас кьураб гъунаргун ракIалъ тIаса бищараб махщалие дур ритIухълъи, Дагъистаналъул адабиятгун маданиялъе дур хилиплъунгутIи. Гьеб бихьула дур цевевахъиназдаги: унго-унгоги кечI-бакъаналъул магIна бичIчIулез мун къабул гьавула тIад-тIад вуссинавунги, бокьула дур дуего хасиятаб къагIидаялъ хьван тIамургун ахIулеб кочIохъ гIенеккизе. Мун мустахIикълъана халкъияб кочIол магIна бичIчIулел гIемеразул адаб-хIурматалъе.

Баркула дуда тIадегIанаб шапакъатгун цIар, гьарула жеги анцIанцI соназ халкъалъул рекIелъе рокьул хинлъиги кьалул щинги биун тIолел кучIдузлъун гIадамал рохизаризе чорхое щулияб сахлъи, хьизан-рукъалъулаб талихI.

Хадижат Залимханова

ГIатIиракьалда ругел цIумадисезул яшав

ЦIияб Сасикь спорткомплекс рагьана

Араб хамиз къоялъ кIудияб чIагольи, рагъа-рачари букIана ЦIияб Сасикь. Районалъулгун республикаялдаса рачIарал гьалбалги гIахьаллъун, гьениб рагьана Хасавюрт районалда ва сверухълъиялда гьечIеб гIадаб гьайбатаб спорткомплекс.

Гугарухъабазул, тренажеразул, баскетбол, волейбол, теннис хIалел залал ругеб мина гуребги, гьенир руго тIубараб сордо-къоялъго канлъи бугеб мини-футболалъул майдан, гьелго волейбол, баскетбол, кIудияб теннис хIалел площадкаби, рекерухъабазегун черхалъе тимар гьабулезе санагIалъаби. Гьеб кIудияб хIалтIи рагIалде бахъиналъе хIал кьана тIолго росдаца, росо тун къватIиса садакъаде жидер буголъи кьурал лъикIал бусурбабаца - цо гъурущ хIукуматалъулги хвечIого. Масала, мини-футболалъул майданалъе миллионалдаса цIикIкIараб гъурущ багьа бугеб газон, Аллагьасе гIоло абураб ниятгун, росдае кьуна Дагъистаналъул бищунго машгъурав футболист, гIадатияв инсан ва лъикIав бусурманчи, дир гьитIинав гъудул, «Легион Динамо» клубалъул президент Къородаса ЛахIиялов Шамилица.

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)»
Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич

Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретараълъул 2-52-92

Редакцияльул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377, лъагIалие - 63302
Тираж -2310
Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе ккола ан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электроннияб адрес: Golostsumady@mail.ru

ЦIияб Сасикь спорткомплекс рагьана

3

Спорткомплекс рагьулаго, росдал жамагIаталъ Шамилие кIудияб баркала загьир гьабуна ва сайгъатаздалъун кIодоги гьавуна.

Жидер садакъа бальго теян цо-цо сахаватал гIадамаз гьарун гуребани, газеталъул гьумер цIураб сияхI лъугьилаан гьезул цIарал хъвалаго. Аллагьас кIодо гьареги киналго!

Комплекс рагьи гуребги, гьебго къоялъ гьенир тIоритIана ЦIияб Сасикьа гIолохъабаз гIуцIараб, «Хаслига» абун цIар бугеб, Хасавюрт районалъул мини-футболалъул рагьараб чемпионаталъул тIоцересел хIаялги. ГьабсагIат гьеб лигаялда 7 лъикIаб команда гIахьаллъулеб буго, тIаде рачIине бокьаралги руго.

ГIолохъанаб гIелалъе чорхое сахлъи гуребги, рухIияб тарбиялъе кIудияб кIвар бугел, жамгIияталда жаниса рагIи дандеккунгутIи рикIкIад гьабулел, гIолохъанаб гIелги жамагIаталги гъункизабулел бакIалгун ишал гьарзалъаги ЦIумадисталалъул росабалъ-магIарухъги, гIатIиракьалдаги-кир гьел ратаниги.

АхIмад Идрисов

Гвай

Нухал къачIана

КIочIали росдал администрациялъул бетIер МухIамад ГIалиевасул жигарчиялдалъун рузман къоялъ, рузманги бан росдал гIолохъаби кодоб газа-белгун, хадиробигун къватIире рахъана Гьигьихъе унеб шагьранух къачIазе. Гьеб нух гьитIинал машинаби хьвадизе кIолаpедухъ хвезабун букIана горо-цIадалги ран. Цебе-цебе тракторги биччан, хадур лъугьун, гIолохъабаз ритIизаруна нухал ва хадиробаца данд бакIарун нахъе бачана гамачI. Гваялда гIахьаллъана лъабкъоялде гIунтIун чи.

РакIбацIцIадаб хIалтIухъ гIолохъабазе ва тракторист ГIабдулхIакъов МухIамадие баркала загьир гьабуна гьенив гIахьаллъарав ва цогидазе мисалияб куцалда хIалтIарав росдал администрациялъул бетIер МухIамад ГIалиевас.

Росулъ нухазда ва гьекъолебгун лъалъалеб лъеда сверухъ гьарулел хIалтIабазде кидаго кIвар кьола бегавул МухIамадица.

Аллагьас кири кIодо гьабеги гьеб пайдаяб хIалтIулъ гIахьаллъаразе.

МухIамад Къасумов

Спорт

Гьимерсо тIобитIана спортивияб тадбир

Араб шамат къоялъ Гьимерсо тIобитIана росдал жамгIияв хIаракатчи ГIумаров ГIали ракIалде щвезавиялъул волейболалъул иргадулаб турнир.

«Гьадинал турнираз базабула гIолилазул ракI спорталдехун, цIикIкIинабула гьезул махщел, щулалъула гьезда гьоркьоб гьудулгьалмагълъи»,-ян абуна турнир рагьулаго профессор АхIмад ГIазизовас. ТурниралъулгIахьалчагIазде ва районалъул гIолилазде хитIабалъулал кIалъаялгун цере рахъарал районалъул бетIерасул заместитель МухIамадрасул Гагиевас, Гьимерсо росдал мажгиталъул имам ГIабдула Расуловас, КIочIали росдал администрациялъул бетIер МухIамад ГIалиевас кIудияб баркала загьир гьабуна тадбир тIобитIизе бетIераб спонсорлъи гьабурав Къурбан ГIумаровасе.

Турниралда гIахьаллъараб анцIила цо командаялда гьоркьоб тIоцебесеб бакI исана ункъабилеб нухалъги тIадгьакварисез ккуна, кIиабилеб бакI щвана Хушет росдал командаялъе ва лъабабилеб бакIалда гIей гьабуна хуштадерица.

Бергьаразе кьуна кубок, рекъон кколел даражабазул дипломал, медалал ва гIарцулал сайгъатал: тIоцебесеб бакIалъухъ- к1икъоялда анцIазарго гъурущ, кIиабилеб бакIалъухъ- лъебераазарго гъурущ ва лъабабилеб бакIалъухъ - къоазарго гъурущ.

Гьединго турниралда «лъикIав гьужумалъулав», «лъикIав хIалев», «лъикIав хурхенилав» ва «балагьаразул ракIрекъеялъул» бищун лъикIаллъун рикIкIарал Хуштадаса МухIамад МухIамадовасе, ТIадгьаквариса ХIасан Мусаловасе ва МухIамад Зиявдиновасе, Гьимерсоса МухIамад Шагьрудиновасе кьуна кубокал, грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

Гьединго гьениб тIоритIана турникалда нилъо щвезабиялъул (подтягивание), микьго кг. бакIлъи бугеб гамачI рехиялъул ва чIаралъуса кIанцIиялъул рахъалъ къецал.

Турникалда нилъо щвезабизе гьимсадерида ращадал ратичIо, тIоцебесеб бакI щвана МухIамад КъадимухIамадовасе, кIиабилеб-МахIмуд Салмановасе ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана МухIамад ГIалиев.

ГамачI рехун тIоцебесеб бакI ккуна ТIадгьаквариса МухIамад ХIасбулаевас, кIиабилеб-Хушетиса Бадрусалам Зулиевас ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Гъоркьгьаквариса АхIмад МухIамадов.

ЧIаралъуса кIанцIун тIоцебесеб бакI щвана ТIадгьаквариса МухIамад ХIасбулаевасе, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIалде ккана Хушетиса Камалилбашир Жаватханов ва Гъоркьгьаквариса МухIамад МухIамадов.

Миллиял тайпабазул къецазулъ тIоцебесеб, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIал ккуразе кьуна щуазарго, лъабазарго ва кIиазарго гъурущ гIарац ва рекъонкколел даражабазул дипломал.

Къецал тIоритIулаго, гIадлу-низам цIуниялде кIудияб кIвар кьуна полициялъул ППСалъул командир ХIажимухIамадов ГIалиасхIабица ва къецал тIоритIана дагIба-хъуй гьечIого, берцинго ва гIуцIадго. Баркула бергьаразда ва призеразда бергьенлъаби.

Гьенибго гьалбадерие гIуцIун букIана хинаб къадеквенги ва хIухьбахъиялъе шартIалги. Тадбиралъул гIахьалчагIаз кIудияб баркала загьир гьабуна Къурбан ГIумаровасе тадбир гIуцIиялъухъ.

МухIамад Къасумилав

Агъвали гимназиялъул хIалтIухъабазул коллективалъ
Давудов МухIамад Давудович
хвеялда бан зигара балеб буго гьесул гIагарлъиялда. Аллагьас хварасул рухI иманалда бахьун батаги.

Нухазул участкаялъул хIалтIухъабазул коллективалъ зигара балеб буго АхIмад ва МухIамадзагьид Давудовазда гьезул имгIал
МухIамад Давудов
Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Хварав Аллагьас иманалда тIовитIун ватаги, нахъе хутIараб гIагарлъиялъе сахлъи кьеги.